शनि आकाशवाणी, पटना 18.05.2024

प्रादेशिक समाचार

शाम 06:25 बजे

चुनाव प्रचार

लोकसभा चुनावक पाँचम चरणक लेल प्रचार आइ समाप्त भऽ गेल। एहि चरणक अंतर्गत राज्यक पाँच संसदीय क्षेत्र सीतामढ़ी, मधुबनी, मुजफ्फरपुर, सारण आ हाजीपुर संसदीय क्षेत्र मे बीस मई कऽ मतदान होयब अछि। पाँचम चरण मे पंचानवे लाख सँ बेसी मतदाता छओ महिला प्रत्याशी सहित अस्सी उम्मीदवारक राजनीतिक भाग्यक निर्णय करताह। सभ सँ बेसी छब्बीस प्रत्याशी मुजफ्फरपुर लोकसभा क्षेत्र सँ छथि। जखनकि, सभ सँ कम बारह प्रत्याशी मधुबनी संसदीय क्षेत्र सँ छथि। एकर अतिरिक्त सीतामढ़ी, सारण आ हाजीपुर लोकसभा क्षेत्र सँ चौदह–चौदह प्रत्याशी चुनाव मैदान मे छथि। निर्वाचन आयोग एहि क्षेत्र सभ मे नओ हजार चारि सय छत्तीस बूथक स्थापना कयलक अछि। औसतन एक हजार आठ मतदाता प्रत्येक बूथ पर मतदान करताह।

एम्हर, सभ प्रमुख दल आ गठबंधनक वरिष्ठ नेता आ स्टार प्रचारक अंतिम चरणक चुनावक लेल चुनाव अभियान मे जोर लगा देलनि अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ असम के मुख्यमंत्री हिमंत बिस्वा सरमा आइ सीवान संसदीय क्षेत्र मे एनडीए प्रत्याशी विजयालक्ष्मी देवी के समर्थन मे जनसभा के सम्बोधित कयलनि। श्री सरमा कहलनि जे पछिला दस वर्ष मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्व मे एनडीए सरकार लोकसभक प्रमुख समस्या सभ के हल कयलनि अछि आ जनता पुरा तरहें एनडीएक संग ठाढ़ अछि। श्री सरमा काल्हि महाराजगंज लोकसभा क्षेत्र मे एनडीए उम्मीदवार जनार्दन सिंह सिग्रीवालक पक्ष मे चुनावी रैली करताह। एम्हर, जदयू अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ वाल्मीकिनगर लोकसभा क्षेत्रक रूपही मे एनडीए उम्मीदवार सुनील कुमार कुशवाहाक समर्थन मे एक चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री कुमार कांग्रेस पर जाति आधारित गणना पर विरोध करबाक आरोप लगौलनि।

ओतहि, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आ विकासशील इंसान पार्टी प्रमुख मुकेश सहनी सीतामढ़ी पुपरी आ रून्नीसैदपुर मे इंडी गठबंधनक उम्मीदवार अर्जुन राय के पक्ष मे जनसभा कैँ सम्बोधित कयलनि। श्री यादव कहलनि जे बेरोजगारी आ महंगाईक लेल केन्द्रक भाजपा सरकार जिम्मेदार अछि। ओ कहलनि जे इंडी गठबंधनक सरकार बनऽ जा रहल अछि आ लोक सभ के सभ समस्याक हल निकलत।

मोदी–शाह

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एक्कैस मई कऽ सीवान आ पूर्वी चंपारण लोकसभा क्षेत्र मे एनडीए उम्मीदवार के समर्थन मे चुनावी रैली के संबोधित करताह। श्री मोदी के सभा सीवानक गोरियाकोठी आ बेतियाक बड़ा रमना मैदान मे होयत। एम्हर, पार्टीक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह के काल्हि बेतिया मे पार्टी प्रत्याशी डॉ0 संजय जायसवालक पक्ष मे एक चुनावी सभा के संबोधित करबाक कार्यक्रम अछि।

प्रह्लाद जोशी

केन्दीय मंत्री प्रह्लाद जोशी कहलनि जे भाजपा संविधान आ आरक्षण बचेबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री जोशी कहलनि जे इंडी गठबंधनक नेता संविधान सँ छेड़छाड़ कऽ आरक्षण समाप्त करए चाहैत छथि। एक आन प्रश्नक उत्तर मे श्री जोशी कहलनि जे एनडीए सरकारक प्रयास सँ पछिला दस वर्ष मे तेरह करोड़ लोक गरीबी रेखा सँ बाहर अयलाह अछि। केन्द्रीय मंत्री आम आदमी पार्टीक नेता आ राज्यसभा सांसद स्वाति मालिवालक संग उत्पीड़नक घटना पर राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादवक चुप्पी के लऽकऽ सेहो प्रश्न उठौलनि अछि।

सातवां चरण नामांकन जाँच

लोकसभा चुनावक सातम आ अंतिम चरणक लेल राज्यक आठ संसदीय क्षेत्र सँ बारह महिला सहित एक सय चौंतीस उम्मीदवार चुनाव मैदान मे छथि। निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार काल्हि नामांकन वापसीक अंतिम दिन चारि उम्मीदवार अपन नाम वापस लेलनि। नालंदा संसदीय क्षेत्र सँ सभ सँ बेसी उनतीस उम्मीदवार जखनकि सासाराम सँ दस उम्मीदवार चुनाव मैदान मे छथि। ओतहि, पाटलिपुत्र सँ बाईस, पटना साहिब सँ सत्रह, जहानाबाद सँ पन्द्रह, आरा आ बक्सर सँ चौदह–चौदह आ काराकाट संसदीय क्षेत्र सँ तेरह उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। एहि चरणक अंतर्गत एक जून कऽ मतदान होयब अछि।

मौसम

राजधानी पटना सहित प्रदेशक अधिकांश भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान प्रदेशक अधिकतर स्थान पर तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस सँ बेसी रिकॉर्ड कयल गेल। तैंतालीस दशमलव सात डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग अरवल राज्यक सभ स ँ गर्म स्थान रहल। ओतहि, राजधानी पटनाक अधिकतम तापमान एकतालीस दशमलव सात डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम विभाग आइ पटना, शेखपुरा, नालंदा, नवादा, औरंगाबाद, रोहतास, भोजपुर, बक्सर, अरवल आ कैमूर मे गर्म रात्रि के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयलक अछि।